

Preparasyon pou Tanpèt pou Popilasyon Moun Aje yo

Release Date: July 15, 2019

ZILE VYÈJ AMERIKEN – Lè yon siklòn ap apwoche, moun aje yo ka bezwen èd fanmi oswa zanmi yo pou yo ka byen prepare. Baryè nan preparasyon kapab fizik, emosyonèl, oswa finansye. Li t ap pi bon si yo gen yon kote pou jwenn abri ak moun yo konnen pou garanti y ap an sekirite.

Moun aje yo bezwen yon twous menm jan ak tout moun ki kapab pral fè fas a yon dezas; diferans la se pwovizyon espesyal yo bezwen yo.

Twous Preparasyon pou yon Moun Aje

- Yon (1) galon dlo pa jou pou 10 jou. Bwason elektwolik yo se yon bon sous idratasyon.
- Manje ki pa ka gate.
- Gwo dra, rad an plis ak soulye ki konfòtab.
- Linèt, katetè, batri, sistèm oksijèn derezèv, elatriye.
- Twous premye swen, kat asirans medikal ak kat Medicaid/Medicare.
- Medikaman preskripsyon ak kopi preskripsyon ou ka renouvre pou jiska sis (6) mwa.
- Etikèt oswa braslè avètisman medikal ak enfòmasyon sou bezwen pou swen sante.
- Yon lis fanmi ak zanmi pou kontakte si ta gen yon ijans.
- Lajan kach an plis, paske ou ka pa jwenn aksè nan labank ak ATM (distribitè).
- Kopi dosye fanmi ak lòt dokiman enpòtan tankou batistè avèk ak maryaj, kat Sekirite Sosyal, paspò, testaman, papye tè, enfòmasyon sou lajan; dosye asirans ak vaksen - ou dwe mete tout dosye nan yon sache ki kachte epi dlo pa ka antre ladan.
- Yon radyo ki mache ak batri ak/oswa yon radyo meteyo NOAA.
- Yon flach ki mache ak enèji solè oswa batri.
- Yon siflèt pou rele pou mande sekou.

###



FEMA

Page 1 of 2

Swiv nou sou rezo sosyal yo sou twitter.com/femaregion2 [ak](#)
www.facebook.com/FEMAUSVirginIslands. Pou alèt ijans, ki gen rapò ak meteyo,
sekirite piblik ak koupi nan sèvis yo nan Virgin Islands, enskri pou resevwa [Alèt
nivo VI](#) oswa kopye <https://member.everbridge.net/index/892807736729008#/login>
nan navigatè ou a.



FEMA

Page 2 of 2